

Sèvis pou Timoun Pitit Spesifikman Timoun ki Soud ak Mal pou Tande (Deaf and Hard of Hearing) (DHH)

Dokiman sila a fèt pou li sèvi kòm entwodiksyon ak kèk ajans ki bay sèvis ak soutyen pou timoun DHH yo.

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)	Ajans Edikasyon Lokal (LEA) (tanpri ranpli kolon sa a ak enfòmasyon sou distri skolè lokal la)	 Center for Deaf and Hard of Hearing Education		
Kiyès pou m kontakte?		CDHHENetwork@health.in.gov	Admissions@isd.k12.in.us	SchoolServices@sjid.org
Kisa ki sitwèb la?		https://www.in.gov/health/cdhhe/	https://www.deafhoosiers.com/	https://sjid.org/
Èske w ofri tès pou tranzisyon?		Wi. Nou travay an kolaborasyon ak Ajans Edikasyon Lokal la (LEA) pou n founi asistans teknik, ki ka enkli kèlkeswa tès ki nesèsè an konfòmite ak lalwa sou edukasyon espesyal.	Non. Lekòl Indiana a pou Moun Soud la (ISD) pa ofri tès konpreyansif pou tranzisyon.	Non, St. Joseph Hearing + Speech pa ofri tès konpreyansif pou tranzisyon.
Kijan yo konsidere plasman pou sèvis? Yon desizyon oswa rekòmandasyon plasman, apre yo detèmine si pitit ou elijib pou sèvis, fèt pa Komite Konferans Dosye a.		Sant sila a pa yon plasman edikatif. Nou founi soutyen ak resous nenpòt kote pitit ou resevwa edukasyon li nan eta Indiana a.	Yo ka petèt konsidere plasman nan ISD pou timoun ki elijib pou sèvis edukasyon espesyal Soud ak Mal pou Tande e ki kapab aprann Lang Siy Ameriken (ASL), avèk oubyen san anplifikasyon.	Yo ka petèt konsidere plasman nan St. Joseph pou timoun ki elijib pou sèvis edukasyon espesyal Soud ak Mal pou Tande, ki sèvi ak aparèy anplifikasyon pèsònèl (aparèy èd odisyon, enplant kokleyè, elatriye), ki gen aksè oditè nan frekans lapawòl, e ki gen reta nan ladrès tande, lengwistik, lapawòl, oswa sosyal.
Èske mwen ka fè tou oswa pwograme yon vizit nan yon salklas?		-----	Wi. Tanpri kontakte: Admissions@isd.k12.in.us Vokal: (317) 550-4858 Videyofòn: (317)493-0479	Wi. Tanpri kontakte: SchoolServices@sjid.org (317) 471-8560
Kisa ki yon deskripsyon brèf sou pwogram lan?		<i>The Center for Deaf and Hard of Hearing Education (CDHHE)</i> , alyas <i>"The Center (Sant lan)"</i> , te tabli atravè Kòd Indiana 20- 35-11 ak e li te louvri 1e Jiyè 2013. CDHHE loje andedan Ministè Sante Indiana a e li travay ansanm ak fanmi ak pwofesyonèl yo pou asire timoun ak elèv DHH yo nan Indiana resevwa swivi enpòtan ak lòt sèvis. Sant lan fèt pou li sèvi tout timoun depi yo fenk fèt jiskaske yo fini lekòl.	Pwogram Edikasyon pou Timoun Piti (<i>Early Childhood Education</i>) (ECE) ISD a bay yon anviwònman aprantisaj jounen konplè ki bileng pou akizisyon lang natirèl e pou devlope metrik ak ASL, Anglè ak ladrès pre-akademik. Pwofesè DHH ki gen lisans bay opòtinite pou aprantisaj nan yon anviwònman ki aksesib vizyèlman atravè jwèt estriktire ki bati chemen pou refleksyon, kreyativite, fleksibilite, anpati ak anpil ladrès pou tout lavi. Pami sèvis asosye genyen soutyen pou ASL, odyoloji, ègoterapi ak fizyoterapi ak òtofonni. ISD sèvi 330+ elèv depi laj 18 mwa jouk laj lekòl segondè e li founi yon gam aktivite sosyal, tankou spò, klib ak òganizasyon.	St. Joseph ofri yon kontinyòm entèvansyon Langaj Tande ak Pale konplè depi konsiltasyon, jis sèvis terapi dirèk nan lekòl piblik lokal ou, jis pwogramasyon lekòl matènèl sou plas, jounen konplè nan kanpis Indianapolis nou a. Pwogram lekòl matènèl la ofri ansèyman nan men yon Pwofesè pou Moun Soud ki fòme nan LSL ak jiska 30 minit terapi LSL endividyèl chak jou. Pami lòt sèvis genyen soutyen odyoloji chak semèn, terapi mizik, ègoterapi ak fizyoterapi. Salklas yo trete akoustikman e yo genyen yon to elèv a pwofesè ki ba. Gen opsyon pou enskripsyon tan pasyèl ki disponib tou.

- **Kisa ki “Tranzisyon”?** Soti nan you pwogram ale nan yon lòt rele tranzisyon. Tranzisyon nan laj 3 zan kapab enkli sèvis edikasyon espesyal pou timoun piti ak/oswa sèvis kominotè.
 - <https://www.in.gov/doe/files/Spread-the-Word-First-Steps-to-Preschool-Special-Education-Transitions.pdf>
 - <https://www.in.gov/health/cdhhe/programsservices/transition/>
 - Enfòmasyon nan [ti liv](#) sa a va eksplike etap yo nan pwosesis tranzisyon an.
 - <https://www.in.gov/doe/students/special-education/early-childhood-preschool/>
 - [Navige Kou a: Twouve Chemen atravè Règ Indiana sou Edikasyon Espesyal](#) pou Ministè Edikasyon Indiana gen seksyon ki gen rapò ak tranzisyon
- **Kiyès ki responsab pou tranzisyon pitit mwen soti nan First Steps?** Ajans Edikasyon Lokal ou a (LEA), oubyen yo rele sa distri skolè lokal ou a kote fanmi w abite tou (<https://www.findmyschool.us/>)

• **Dat/Lè pou Evalyasyon Inisyal la (yo):** _____

Kote Evalyasyon an (yo): _____

• **Dat/Lè pou Konferans Dosye Inisyal la:** _____

Kote Konferans Dosye a: _____

• **NÒT REYINYON TRANZISYON AN:**

Reyinyon
Tranzisyon (~ 30
mwa)

Tou Pwogram/Lekòl
(~ 30-35 mwa)

Evalyasyon
(~ 32-34 mwa)

Konferans Dosye
(~ 35-36 mwa)